



### Resous pou bay patisipasyon w nan Lekòl Leta NYC

Chè Nouyòkè,

Mwa me sa a, m ap franchi yon etap espesyal nan tan mwen kòm Chanselye: Se mwa kote m ap rive patisipe nan reyinyon kominotè (town hall) pou tout 36 [Konsèy edikasyon pou kominote ak pou vil la \(CEC\)](#). Reyinyon sa yo, kote tout kominote a kapab patisipe, se yon pwentè enterè pou mwen pandan de ane ki sot pase yo. Mwen wè bèl pèfòmans elèv, reponn kesyon difisil paran ak manm estaf, epi pataje detay sou inisyativ kle tankou [NYC Reads](#).

Reyinyon CEC yo se yon fason fòmidadab pou gen plis enfòmasyon sou sa k ap pase nan distri w la, men se pa sèl mwayen ou ka enfòme. Nan PS + You semèn sa a, mwen vle pataje kèk lòt resous anplis kote w ka bay patisipasyon w nan lekòl vil nou an:

- [The Morning Bell](#) se yon nouvo blog sou sitwèb Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) nou an; yo mete l ajou chak semèn avèk enfòmasyon enpòtan ak istwa sou sa k ap pase kounye a nan lekòl nou yo, ansanm avèk resous pou sipòte pakou aprantisaj pitit ou a. Chak mwa, w ap jwenn rekòmandasyon liv pou tout klas, yon apèsi sou dat enpòtan ak delè pou mwa k ap vini an, ak yon lis konplè opòtinite pou elèv. The Morning Bell mete w tou anndan salklas la ak istwa ak pwofil sou lekòl, manm estaf, ak elèv nou yo ou pa pral

jwenn okenn lòt kote.

- [Parent University](#), oswa Parent U, se yon platfòm jesyon kou sou entènèt ak yon sistèm resous kote fanmi Vil Nouyòk ka enskri pou fòmasyon gratis sou sijè soti nan preparasyon pou kolèj pase nan edikasyon espesyal rive nan sante mantal. Kontni an disponib sou demand, 24 èdtan pa jou, donk fanmi gen fleksibilite pou patisipe nenpòt lè yo ta renmen. Si gen yon kou ou pa ka jwenn nan Parent U ou ta renmen wè, nou ankouraje w fè nou konnen kou ou rekòmande yo nan [ParentU@schools.nyc.gov](mailto:ParentU@schools.nyc.gov).
- Finalman, paj medya sosyal nou yo se yon lòt bon fason pou rete branche. Pou dènye nouvèl NYCPS, suiv nou sou [Instagram](#), [Facebook](#), ak [X](#).

Sou tèm patisipasyon an, mwen vle eksprime apresyasyon mwen tou pou anpil paran ak fanmi volontè k ap sipòte lekòl nou yo chak jou. Semèn 21-27 avril se semèn volontè nasyonal, donk lè nou retounen soti nan vakans prentan an, asire w remèsye volontè ki bay yon koutmen nan lekòl ou a.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).